

# 5

## Bagay ou Dwe Konnen Konsènan

### Diskriminasyon Entèsèks nan Kad Travay

Entèsèks se yon mo yo itilize pou dekri moun ki fèt avèk oswa ki devlope karakteristik seksyèl tankou ògan seksyèl yo, òmon yo, anatomi entèn oswa kwomozom yo, ki pa koresponn ak definisyon medikal anatomi seksyèl la oswa kapasite repwodiksyon fi ak gason an. Eske w te konnen, nan nivo nasyonal 74% moun ki entèsèks deklare discriminasyon gen move enpak sou salè yo oswa posiblité pou yo yo jwenn pwomosyon, epi 84% fè konnen diskriminasyon te anpeche yo anplwaye yo? -  
Center for American Progress, Oktòb 2021



Nan New Jersey,  
diskriminasyon pa ka  
anpeche w pwogrese  
kote w ap travay la.

Lalwa Kont Diskriminasyon  
nan New Jersey (Law Against  
Discrimination, LAD) entèdi  
diskriminasyon ak asèlman  
ki baze sou sèks reyèl oswa  
sèks moun nan jije li genyen,  
sa ki gen ladan I estati  
entèsèks la. Li pwoteje w kont  
diskriminasyon ak asèlman ki  
baze sou sèks ou te ka jwenn  
bò kote kòlèg ou yo, sipèviziè  
w yo, ak patwon w yo.



Patwon ou nan pa gen  
dwa pran desizyon sou  
baz estati entèsèks ou a.

Sa vle di yon patwon pa ka  
pran desizyon sou kesyon  
anplwaye w, revoke w, ba w  
pwomosyon ak avantaj (sa ki  
gen ladan I swen sante, konje  
parantal, konje familyal) sou  
baz estati entèsèks ou a. Pa  
egzanp, patwon w nan pa ka  
entèdi w patisipe totalman  
nan pwogram asirans sante  
konpayi a paske ou se  
yon anplwaye entèsèks.



Lòt moun pa gen  
dwa fè w ditò akòz  
estati entèsèks ou.

Patwon w nan dwe aji pou l  
fè sispann asèlman li konnen  
oswa li ta dwe konnen w  
ap jwenn si sa ka boulvèse  
anviwònman travay ou.  
Asèlman seksyèl ki baze  
sou prejije gen ladan I, yon  
konpòtman chokan, malveyan  
akòz yon moun gen estati  
entèsèks, tankou si yon kòlèg  
oswa yon patwon ta fè yon  
kòmantè pou l denigre moun  
ki gen estati entèsèks yo.



Yo dwe trete w yon  
fason ki montre  
respè pou idantite  
w oswa pwofil ou.

Règleman sou abiman ak  
prensip patwon an bay  
konsènan itilizasyon twalèt  
yo dwe garanti respè idantite  
seksyèl ou oswa pwofil ou.  
Pa egzanp, yon anplwaye  
ki gen estati entèsèks ki  
prezante tèt li kòm yon gason  
dwe gen otorizasyon pou l  
utilize twalèt gason. Ou gen  
dwa tou pou idantifye w epi  
pou yo rele w nan non w, nan  
tit ou, ak nan pwonon w.



Patwon ou nan pa ka  
refize ba ou yon sèvis  
apwopriye paske ou  
gen estati entèsèks.

Pa egzanp, yon patwon pa  
dwe refize ba ou yon orè ki  
fleksib akòz randevou medikal  
ou genyen pou trètman fètilite  
sèlman paske patwon w nan  
pa kwè moun ki entèsèks  
yo ta dwe tonbe ansent.

Pou w ka konn plis oswa pou w depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele nan **1.833.NJDCR4U**



Biwo pwokirè jeneral nan NJ  
[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)

 DIVISION ON  
**NJ CIVIL RIGHTS**  
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StopTheHate

